

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran mangrupa prosés nu miboga fungsi ngaping jeung mekarkeun nu kudu dilaksanakeun ku murid (Sardiman, 2016). Pangajaran mangrupa dua hal nu diadumaniskeun, nya éta kagiatan diajar jeung ngajar. Prosés pangajaran raket patalina jeung peranan guru dina ngupayakeun ayana komunikasi nu harmonis antara diajar jeung ngajar. Hiji pangajaran bisa disebut kalaksanakeun jeung kahontal kalayan hadé, lamun pangatik mampu ngarobah diri murid dina harti nu jembar sarta mampu numuwuhkeun kamekaran kasadaran murid pikeun diajar, ku kituna pangalaman nu dipimilik ku murid salila manéhna kalibet dina prosés éta pangajaran bisa dirasakeun mangpaatna sacara langsung pikeun kamekaran dirina.

Dina pangajaran basa Sunda ngawengku opat aspék kaparigelan, di antarana (a) kaparigelan maca, (b) kaparigelan ngaregepkeun, (c) kaparigelan nyarita, (d) kaparigelan nulis. Nurutkeun Atar (2020) nulis mangrupa hiji prosés kreatif mindahkeun gagasan jeung lambang-lambang tulisan. Nulis miboga tilu aspék utama. Kahiji, ayana gagasan atawa hiji hal anu baris dikomunikasikeun. Kadua, ayana tujuan atawa hiji hal nu baris dihontal. Katilu, ayana sistem mindahkeun gagasan anu mangrupa sistem basa.

Nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa nu kudu dikawasa ku siswa. Dina nulis siswa diperedih pikeun mampu komunikasi sacara teu langsung. Nurutkeun Tarigan (2021, kc.3) nétélakeun yén nulis mangrupa hiji kaparigelan basa nu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung, teu pateuteup langsung. Cindekna, nulis mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif, dina kagiatan nulis urang kudu boga kaparigelan ngamangpaatkeun struktur basa jeung kandaga kecap. Kaparigelan nulis bisa ngaliwatan prakték jeung latihan anu remen.

Ku kituna, pangajaran nulis nu diajarkeun ka siswa sangkan bisa jadi média pikeun ngébréhkeun hiji pamikiran, rasaan, pamadegan, jrrd. Salah sahijina pangajaran nulis pikeun siswa nyaéta nulis téks warta. Pangajaran nulis

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

téks warta aya di SMA/SMK/MA/MAK Kelas XI. Luyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MAMAK (Tim pengembang Kurikulum Muatan Lokal, 2017) dina Kompetensi Dasar 3.5 *Menganalisis isi, struktur dan aspek kebahasaan teks berita dari media massa cetak atau elektronik*. 4.5 *Menyusun teks berita berdasarkan pengamatan atau hasil wawancara sesuai dengan struktur dan kaidah kebahasaan*. Warta mangrupa salah sahiji wangun tinulis nu miboga udagan pikeun nepikeun informasi. Ayana pangajaran nulis téks warta ieu siswa dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta saluyu jeung udagan nu rék dihontal.

Dumasar hasil wawancara nu geus dilaksanakeun ka guru basa Sunda di SMA Pasundan 2 Bandung, nalika ngabandingkeun kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis, pasualan nu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda nyaéta kamampuh nulis. Siswa can parigel dina milih diksi nu merenah jeung can bisa ngalarapkeun éjahan kalawan bener lantaran siswa kurang wanoh kana kekecapan basa Sunda. Hal ieu didasaran ku kurangna ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Dina enas-enasna mah yén nulis téh teu bisa sagawayah, tapi generasi Z dina kagiatan nulis téh sakur pikeun nyumponan pancén. Kagiatan nulis masih kénéh nyangkaruk kana produk nulis. Ilaharna, kagiatan nulis teu sakur pikeun ngahasilkeun produk, tapi léngkah atawa prosésna ogé perlu diperhatikeun. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Abidin (2013, kc 192) nu nétélakeun yén pangajaran nulis kudu dilaksanakeun kalayan nyaluyukeun prosés jeung produk.

Sangkan siswa kairut dina pangajaran nulis téks warta, modél pangajaran miboga peranan kawilang penting pikeun pangrojong kana prosés pangajaran. Mahmoud (dina Kosim, 2019) nétélakeun yén kurangna kasaluyuan modél pangajaran nu dilarapkeun ku guru bisa ngabalukarkeun héngkérna tingkat préstasi siswa. Ku sabab éta modél pangajaran anu digunakeun ku guru teu ngarojong kana prosés pangajaran. Ku kituna, guru kudu parigel dina ngawasa kelas nalika nepikeun bahan ajar, guru diperedih sangkan bisa nepikeun bahan ajar ku cara nyiptakeun kaayaan kelas anu matak betah ka siswa.

Kusabab éta kudu ayana tarékah pikeun ngungkulan pasualan nu karandapan, Hamdani (dina Lestiawan, 2018) nétélakeun salah sahiji tarékah pikeun ngaronjatkeun hasil diajar jeung kaaktifan peserta didik nyaéta ku cara ngalarapkeun sababaraha modél pangajaran kooperatif salah sahijina téh nyaéta modél pangajaran *Cooperative Group Investigation*. Modél *Cooperative Group Investigation* bisa dilarapkeun dina pangajaran nulis téks warta sacara diskusi, ku sabab siswa bisa silih sumbang ideu, silih tukeur informasi ngeunaan warta sacara babarengan jeung kelompok, sarta siswa diperedih pikeun diajar jeung babaturan kelompok.

Nurutkeun Octavia (2020) aya sababaraha kahéngkérana modél pangajaran *Group Investigation*, di antarana (a) Kurangna matéri nu ditépikéun dina hiji lawungan; (b) héséna méré peunteun sacara personal; (c) teu sakabéh topik cocog jeung modél pangajaran *Group Investigation*; (d) Modél pangajaran *Group Investigation* cocog pikeun dilarapkeun dina hiji topik nu nungtut siswa pikeun maham hiji bahasan ti pangalaman nu dialaman ku sorangan; (e) Diskusi kelompok biasana kurang éféktif. Sedengkeun, dina panalungtikan Indah (2018) ngagunakeun Modél *Group Investigation* dina pangajaran nulis kawilang éféktif, lantaran ngainvéstigasi hal-hal nu kawilang penting nu aya dina matéri sisindiran sacara kelompok.

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngungkulan pasualan nu aya di antara para siswa, salasahijina héngkérna kamampuh nulis. Ku kituna kudu dironjatkeun kalayan maké modél pangajaran nu saluyu jeung pasualan nu karandapan sangkan siswa leuwih kairut deui dina minat nulis tur mekarkeun pangaweruh jeung poténsi nu aya.

Anapon sasaruana dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku panalungtik saacanna nyaéta medar jeung maluruh ngeunaan modél *Cooperative Group Investigation* dina pangajaran nulis. Ari nu ngabédakeunana nyaéta matéri ajar, métode pangajaran jeung sumber data nu rék ditalungtik.

Pangaruh modél pangajaran *Group Investigation* kana ngaronjatna hasil pangajaran nulis téks warta téh perlu ditalungtik lantaran ngawangun suasana diajar anu kréatif jeung inovatif, sangkan nalika pangajaran nu lumangsung teu

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar
2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

monoton. Ieu panalungtikan dipiharep nambahan pangaweruh dina mekarkeun modél jeung stratégi pangajaran pikeun néangan bongbolong pasualan akademis. Sabab éfék salahna milih modél pangajaran bisa ngabalukarkeun kana matéri nu baris didadarkeun ka siswa jadi teu éféktif jeung éfisién. Ku kituna, perlu ayana panalungtikan kalawan judul “ Modél *Cooperative Group Investigation* Dina Pangajaran Nulis Téks Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023).

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan nyaéta nulis téks warta.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar bisa katingali sababaraha pasualan anu perlu diidentifikasi. Ieu panalungtikan ogé perlu diwatesanan, ngawengku kana sababaraha hal anu patali jeung modél *Group investigation* dina Pangajaran Nulis Téks Warta.

- a. Kurang minat jeung kamampuh siswa utamana dina aspék basa nyaéta dina widang nulis, nu disababkeun ku sababaraha faktor.
- b. Modél pangajaran nu dipaké kurang ngirut pikeun siswa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah jeung idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- b. Kumaha kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?

- c. Naha aya béda anu signifikan dina kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta nguji modél pangajaran *Group Investigation* dilarapkeun dina pangajaran nulis téks warta.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan téh tujuanna pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Cooperative Group Investigation*;
- b. kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *Cooperative Group Investigation*;
- c. bébédana antara kamampuh nulis téks warta kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Cooperative Group Investigation*.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran Basa Sunda hususna dina nulis téks warta ngaliwatan modél pangajaran anu éféktif.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan ogé dipiharep aya mangpaat praktis anu bisa dihontal pikeun panulis, siswa ogé guru, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

a. Pikeun siswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun minat jeung bakat siswa kana pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis téks warta.

b. Pikeun guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi dina pangajaran nulis téks warta sangkan bisa nyieun susunan diajar jadi leuwih ngirut pikeun para siswa.

c. Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina nulis téks warta ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu skripsi disusun ku lima bab, nu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, Panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis, raraga mikir, sarta hipotésis. Nu eusina ngeunaan Modél Pangajaran *Group Investigation*, tiori nulis, tiori warta, modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran nulis warta.

BAB III Métode Panalungtikan, medar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, prosedur panalungtikan, téhnik analisis data nu ngawengku uji sipat data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan pangajaran nulis téks warta nu ngawengku kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, béda anu signifikan dina kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.